

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE
Secrétariat Général de l'Etat

ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°9 YO KU WA GATATU **IGENEKEREZO RYA 09 MYANDAGARO 2023**

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 09 Myandagaro 2023 i Gitega, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama rukongera rukemezwa, yaciye aha umwanya Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize icegeranyo c'ivyavuye mu nama nteguza y'iyi nama nshikiranganji, yabaye ku magenekerezo ya 01 na 03 Myandagaro 2023, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Ivyihwejwe ni ibi bikurikira:

- 1. Integuro y'ibwirizwa risubiramwo itegeko-bwirizwa n°1/024 ryo ku wa 13 Mukakaro 1989 ritunganya ibisata vya Reta vyitunganiriza ivy'intwaro n'ibigega.**
- 2. Integuro y'ibwirizwa risubiramwo itegeko-bwirizwa n°1/023 ryo ku wa 26 Mukakaro 1989 ritunganya ibigo Reta iha ububasha bwo kwitunganya vyo nyene.**

Izo nteguro uko ari zibiri zashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Gushika uyu muni, haracari amabwirizwa yagiyeho kera atakijanye n'ibihe tugezemwo.

Abashizeho ayo mabwirizwa ico gihe, ntibaravye ibijanye n'intwaro ibereye mu bisata bimwe bimwe kugirango bikore neza, ivyo bigatuma ubu hari inzego nshingwantwano zashizweho zitwara uburyo bwinshi, kandi ivyo bisata ata mahera vyinjiza.

Aha twovuga itegeko-bwirizwa n°1/024 ryo ku wa 13 Mukakaro 1989 ritunganya ibisata vya Reta vyitunganiriza ivy'intwaro n'ibigega n'itegeko-bwirizwa n°1/023 ryo ku wa 26 Mukakaro 1989 ritunganya ibigo Reta iha ububasha bwo kwitunganya vyo nyene.

Mu ntumbero yo kwisunga ibwirizwa-shingiro, hafashwe ingingo yo gusubiramwo amategeko agenga ivyo bisata n'ivyo bigo, kugirango ajane n'ibihe tugezemwo, mugukuraho inzego nshingwantwaro mu bisata n'ibigo vya Reta ata mahera vyinjiza.

Imirimo yahora irangurwa n'inzego nshingwantwaro izoca ikorwa n'ubugenduzi bukuru bwo mu bushikiranganji.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino izo nteguro, **yashikirije** ibi bikurikira:

- Inzego nshingwantwaro zivuyeho mu bisata be n'ibigo bimwe bimwe, hari ibizogira ibibazo mu gufata ingingo zibereye. Hokwigwa neza icoheza kigasubirira urwego nshingwantwaro;
- Ku bijanye n'ibisata vya Reta bigengwa n'amabwirizwa vyiharije, muri izi nteguro hojamwo ingingo zivuga ingene izo inzego zitwa zisunze ayo mabwirizwa yabishizeho;
- Ibigo n'ibisata vya Reta vyitunganiriza ivy'intwano n'ibigega vyodondorwa neza kugirango ntihabe ukuvyitiranya. Ivyofatirwako ni ibi bikurikira:
 - o Igisata ca Reta citunganiriza ivy'intwano n'ikigega kiguma kirabirwa hafi na Reta mu gihe Ikigo Reta yahaye ububasha bwo kwitunganiriza ivyaco kiba kimeze nk'icigenga muri vyose, ariko Reta ikacamizako ijisho iraba ko gikora neza;
 - o Igisata ca Reta citunganiriza ivy'intwano n'ikigega kiguma gikurikiranirwa hafi n'umushikiranganji, akinjira no mw'itunganywa ryaco, mu gihe ivy'Ikigo Reta yahaye ububasha bwo kwitunganiriza ivyaco umushikiranganji abirabira kure ;
 - o Igisata ca Reta citunganiriza ivy'intwano n'ikigega gihabwa na Reta uburyo bwo gukora ku mwaka ku mwaka, kikagira urwego nyobozi rugizwe n'abagikoramwo gusa. Ikigo Reta yahaye ububasha bwo kwitunganiriza ivyaco kironswa uburyo bwo gutangura gukora kikagwiza umwimbu, kikazana n'inyungu. Ico kiragira urwego nshingwantwaro ;
 - o Mu bisanzwe Igisata ca Reta citunganiriza ivy'intwano n'ikigega gifasha abenegihugu. Hariho bimwe bimwe bitangwa ku buntu n'ibindi birihishwa, bivanye n'ivyo ico gisata gikora. Igisata kirihisha amahera n'ikitarishisha ntibiheza ngo bifatwe kumwe.
- Ivyo bisata n'ivyo bigo vyorongorwa n'abayobozi, bakuru bakunganirwa n'abayobozi.

Umushikiranganji ajejwe ubutungane afashijwe n'umugwi w'abashikiranganji bari bakoze kuri izo nteguro mu nama nteguza y'inama nshikiranganji, yasabwe guhinyanyura izo nteguro yisunze izo ntumbero, zikazoheza zikagarukanwa mu nama nshikiranganji.

3. **Urwandiko rwerekeye ukugura ibice vy'imitahe mw'ishirahamwe SOCABU, be n'ingene ryojanishwa n'amategeko**, rwashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Ku bijanye no **kugura ibice vy'imitahe**, hari abanyamitahe b'ishirahamwe SOCABU babiri bipfuzaga kugurisha imitahe yabo, nabo bakaba ari umubirigi BOELS - BEGAULT na Interbank-Burundi.

Hamwe Reta y'Uburundi yobagurira ivyo bice vy'imitahe, izoba yongereje umutahe ku rugero rwa cumi n'ibice mirongo itanu na bine kw'ijana (10,54%), umutahe wayo wose ukuzoca uja ku rugero rwa mirongo ine na bitandatu n'ibice mirongo itandatu na bitanu kw'ijana(46,65%), ivyo navyo bikazotuma inyungu Reta ironka ku mwaka yiyongera.

Uru rwandiko rusaba ko Reta yogura ivyo bice vy'imitahe. Hamwe yovyemera, n'abandi bokwipfuzaga kugurisha ibice vy'imitahe yabo muri iryo shirahamwe SOCABU, yoheza ikabagurira.

Kubijanye no kurijanisha n'amategeko, ni ishishirwa mu ngiro ry'ibwirizwa n°1/02 ryo ku wa 07 Nzero 2014 rigenga ugutegekaniriza impanuka, aho mu ngingo yaryo ya 327 ritegekanyaga ko ata shirahamwe na rimwe rifatanyaga ugutegekaniriza ibijanye n'ubuzima, no gutegekaniriza ivyokwononekara ku bindi bintu bidafatiye ku buzima bw'umuntu. Ishirahamwe SOCABU rero ribwirizwa kwisunga iryo bwirizwa mu kugaburwamwo kabiri, igisata kimwe cose kikigenga.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino ibishikirizwa n'urwo rwandiko, **yarabishigikiye**, ica isaba ko imitahe ifiswe n'amashirahamwe yashinzwe na Reta mu mashirahamwe yandi yokwandikwa kuri Reta.

4. **Indinganizo y'igihugu y'ishirwa mu ngiro ry' amasezerano ashingira Akarere ka Afrika ko guhanahana ibidandazwa (ZLECAF)**, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ubudandaji, gutwara abantu n'ibintu, amahinguriro n'ingenzi.

Amasezerano ashingira Akarere ka Afrika ko guhanahana ibidandazwa (ZLECAF) afise ihangiro ry'ukuba inkabuzo y'iterambere ry'ubutunzi, kugwiza amahinguriro be n'iterambere rirama muri Afrika. Uburundi bwemeje ayo mezerano kw'igenekerezo rya 17 Ruheshi 2021.

Iyi ndinganizo y'ishirwa mu ngiro ry'ayo masezerano iri mu twigoro Reta igira mu guteza imbere ubudandaji no kworosha ihanahanwa ry'ibidandazwa hagati y'Uburundi n'ibindi bihugu vya Afrika.

Kugirango abanyamitahe b'abarundi bagire ico bakuye mu turusho duteganywa muri ako karere ka Afrika, bategerezwa kuraba neza ko umwimbu wabo hari ico urushije uw'ahandi.

Uburundi butegerezwa guteza imbere igisata co kugwiza umwimbu, kugwiza ibishorwa hanze y'igihugu, no gushiraho ibikwega abanyamitahe, baba abarundi canke abanyamahanga.

Iyi ndinganizo ishingiye ku bintu bikuru bine, arivyo y'ibi bikurikira: (i) kugira rwacu aya masezerano ashingira Akarere ka Afrika ko guhanahana ibidandazwa (ZLECAF), (ii) kugwiza ibishorwa hanze y'igihugu no guteza imbere amashirahamwe kugirango ahiganwe n'ayo mu bindi bihugu (iii) Guteza imbere inyubako n'ibindi vya nkenerwa (iv) kwungura ubushobozi bw'abakenyezi n'urwaruka muvuye kugwiza umwimbu no gutegura imigambi.

Ku bijanye n'uburyo bukenewe, bungana na miliyoni cumi n'ibihumbi amajana icenda na mirongo icenda na bibiri z'amadolari y'abanyamerika (10 992 000 USD).

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo ndinganizo, **yarayemeje**, ivyashikirijwe navyo ni ibi bikurikira:

- Iyi ndinganizo ntiyerekana mu buryo butomoye ivyokorwa kugirango Uburundi buronke ivyo bushora mu bindi bihugu bigize ako karere;
- Uburundi butegerezwa kwitegura ku ngaruka z'iryo hanahana ry'ibidandazwa kandi ubushikiranganji bwose butegerezwa kwerekana ivyo buzokora mu gisata cabwo ;
- Ubushikiranganji bujewe ubudandaji bwohanahana ivyiyumviro n'ubundi bushikiranganji bwose kuvyorangurwa kuko iyi ndinganizo iraba bose;
- Ni ukwiyumvira ingene igisata c'amahinguriro cotezwa imbere, kugirango igihugu kironke ibihinguye kandi vyinshi gishorera mu bindi bihugu;
- Reta yoshigikira amashirahamwe matomato kugirango umwimbu ugwire ;
- Reta yokwerekana ivyimburwa vya nkenerwa ibwirizwa gukingira kugirango ntibize gusitwa n'ibivuye hanze y'igihugu ;
- Iyi ndinganizo yokwisunga amerekero y'Uburundi bw'igaba bukigaburira mu 2040 n'Uburundi buteye imbere mu 2060;
- Kubera ari igikorwa c'igihugu, ni kuraba neza ko amashusho n'ibicapo biri muri iyi ndinganizo vyerekana amahangiro y'iyi ndinganizo;
- Iyi ndinganizo yokwerekana akarusho ko kwinjira muri aka karere, mu bijanye n'ingene ivyo dushorera hanze biziyongera, n'ingene ivyo dukura hanze y'igihugu bizogabanuka;
- Iyi ndinganizo yokwerekana ikizokorwa kugirango iyinjira muri aka karere ka Afrika ko guhanahana ibidandazwa ntihagire uruhombo runini rizana ku gihugu, kuko hari ibidandanzwa bimwe bimwe ataco bizosubira kuriha nk'amakori n'amatagisi;

- Uburundi bwokwitaba amanama n'ibiganiro biba ku bidandazwa vyo gukingira, mu baja muri ivyo biganiro hakajamwo n'abaserukira igisata c'abikorera ivyabo.

Umushikiranjanji ajejwe inyubako azoterera muguhinyanyura neza iyi ndinganizo, hisunzwe izi ntererano, be n'izindi zose zoshikirizwa n'ubundi bushikiranjanji.

5. Integuro y'amasezerano hagati ya Reta y'Uburundi n'ishirahamwe rijejwe gukoresha umuhora wo gutumatumanako amakuru ku buhinga bwa none no kuwubungabunga, yashikirijwe n'Umushikiranjanji ajejwe kumenyesha amakuru, ubuhinga bwo gututumanako amakuru be n'ibimenyeshamakuru.

Iyi nteguro y'amasezerano ije kwerekana imigenderanire izoba iri hagati ya Reta nyen'ibikoresho, n'ishirahamwe rizoba ryahawe ububasha bwo kubikoresha no kububungabunga (STNB) ryashinzwe na Reta y'Uburundi n'ishirahamwe Startimes.

Muri uwo mugambi, ibimaze gukorwa ni nk'ibi bikurikira :

- Mu gihugu cose harubatswe ibikenewe kugirango amasanamu aboneke hose ;
- Reta y'Uburundi yararonse ideni ringana na miliyoni mirongo itatu na zibiri n'ibihumbi amajana atandatu (32. 600.000) z'amadorari y'abanyamerika rizorihwa ku kiringo c'imyaka mirongo ibiri n'itanu (25);
- Reta y'Ubushinwa yarahaye Reta y'Uburundi utwuma dufasha kugira imboneshakure ikore (décodeurs) tugera ku bihumbi ijana na mirongo icenda(190 000) dufise igiciro ca miliyoni cumi na zine (14) z'amadorari y'abanyamerika, mu mwaka w'2020 ;
- Ishirahamwe STNB ryaramaze gushingwa, ishishirahamwe StarTimes Network Technology Co.Ltd rikaba rifisemwo ibice mirongo itandatu kw'ijana(60%) Reta y'Uburundi nayo ibice mirongo ine kw'ijana(40%);
- Ishirahamwe STNB rirafise ibibanza bitandatu vyo kudandarizamwo, ivyo navyo ni icicaro gikuru muri Rohero, mu Buyenzi, i Gitega, i Ngozi, i Muyinga n'i Makamba ;
- Ku bibanza cumi na kimwe (11) birimwo ibikoresho vy'iryo shirahamwe, bine canke bitanu bizoshobora guca bitangura gukorera neza aya masezerano ateweke umukono;
- Ibimenyetso bipfinitse (code) vyo gushikira inyubako z'ishirahamwe STNB biriho ;
- Ishirahamwe StarTimes niryo ririha ivya nkanerwa vy'ishirahamwe STNB, harimwo aho rikorerera, amazi n'amatare, ibikenewe ku mashini zitanga umuyagankuba, n'ibindi.

Aya masezerano ashizweke umukono, azotuma ishishirahamwe STNB ritangura gukorera neza.

Kubera Reta yabonyeko yoba yarazimbwe mu guharura umutahe, ibiganiro vyarashyirahamwe birabura izo mpande zuzvikana ko Startimes yogira ibice mirongo itanu na bitanu kw'ijana (55%), Reta y'Uburundi ikagira ibice mirongo ine na bitanu kw'ijana (45%).

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino ayo masezerano, **yashikirije** ibi bikurikira :

- Birakenewe ko ishirahamwe STNB ritangura gukora, utunenge twoba turimwo tukazoza turakosorwa ;
- Imyaka mirongo ibiri n'itanu yahawe iryo shirahamwe STNB ni myinshi, bishobotse yogabanywa;
- Aya masezerano amaze kujako umukono, ishirwa mu ngiro ryayo ryokurikiranwa neza :
 - o Mu kuraba ko amahera yinjira afasha mu kuriha ideni Reta yafashe ;
 - o Mu kuraba ko Abarundi baza barahabwa ubumenyi nk'uko vyumvikanyweko;
 - o Mu kujana n'ibihe mu vyerekeye ubuhinga;
- Uko iyaka itanu iheze, ishirwa mu ngiro ry'ayo masezerano ryoza rirasuzumwa aho rigeze, mu ntumbero yo kuraba ko hari ivyohinyanyurwa muri ayo masezerano;
- Birakenewe kuraba igiciro c'ukuri ca turya twuma dufasha imboneshakure gukora (décodeurs) kuko duharurwa mu mutahe wa Reta ;
- Itegeko ryemerera Reta y'Uburundi gushira umutahe mw'ishirahamwe STNB ryosubirwamwo ningoga, kubera igaburwa ry'umutahe ryasubiwemwo.

Umushikiranganji ajejwe ubutungane n'uwujewe ikigega ca Reta bazofasha mugutosora aya masezerano.

6. Amasezerano y'intangamarara hagati ya Reta y'Uburundi n'ishirahamwe SEACOM LIMITED, yashikirijwe n'umushikiranganji wo kumenyesha amakuru, ubuhinga bwa none bwo guhanahana amakuru, n'ibimenyeshamakuru.

Reta y'Uburundi yiyemeje gukora ibishoboka kugirango abantu bose baba mu Burundi bakoreshe ubuhinga ngurukanabumenyi, ivyo navyo bikaba bishoboka ari uko imihora y'ubwo buhinga ikwiye hose. Intsinga z'imihora ubu zirashika ku mirwa mikuru y'intara, ihangiro rikaba ari uko zoshika ku mirwa mikuru y'amakomine, mbere no ku mazone.

Ayo masezerano azofasha Reta kurangura ivyo vyose kandi n'igiciro ca interenete kizogabanuka bimwe biboneka.

Iri shirahamwe SEACOM LIMITED ryipfuzwa :

- Gushiraho urutsinga rw'umuhora rukingiwe rufatanywa Uburundi na Tanzaniya aho risanzwe riri;
- Kuzana mu Burundi umuhora wa interenete w'umuvuduko munini kandi uzimbutse;

- Gufashanya na Reta y'Uburundi kunagura ishishamwe ONATEL;
- Gukomeza ihiganwa mu mashishamwe akorera mu bijanye no gutumatumanako amakuru hakoreshejwe ubuhinga bwa none aha mu Burundi.

Inama nshikiranganji imaze, kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**, ivyashikirijwe navyo bikaba ari ibi bikurikira:

- Umuhora SEACOM ishaka kuzana uzoshika mu Burundi ata bandi urinze gucako, ukingiwe kandi uzimbutse;
- Ishishamwe LACELL rigaragara ko rifise ikibanza kinini muri aya masezerano, kandi hari amakori n'amatagisi riheraniye Reta. Ni ugufata ingingo zikenewe kugirango ririhe ivyo riheranye;
- Ishishamwe SEACOM ryipfuzaga gukorana n'ishishamwe ONATEL mu kuzana ibikoresho ONATEL idafise, hanyuma bakazogabura inyungu baharuye ico umwe umwe wese yashizemwo;
- Harakwiye kuba isuzuma ry'ishishamwe BBS (audit) kugirango umutahe Reta ifisemwo uboneke ingene ungana, hihwezwe igituma BBS idakora ku rugero rushimishije, ingene ibigega vya BBS vyifashe, igituma ibiciro vyaryo biri hejuru, n'ibindi;

7. Urwandiko rujanye n'uguha agaciro ibiti vya Reta biriko birasaza, nk'ibiri i Gakara-Gahuni, rwashikirijwe n'umushikiranganji w'ibidukikije, uburimi n'ubworozi.

Ico gitara c'ibiti vyatewe hagati y'umwaka w'1980 na 1983 gifise uburinganire bungana na hegitari igihumbi n'ijana na mirongo itanu.

Uru rwandiko rwateguwe kugirango ruhe umuco Reta, kugirango iheze irabe ico ivyo bita bishaje vyokoresha, kuko ataco bikoreshejwe haguma haba uruhombo runini ruva k'uguhenuka kw'ivyo bita bitumwe n'umuyaga, hamwe rero n'ingene vyosubirizwa.

Iryo koresha ry'ivyo bita ritangurirwa n'uguharura amahera yovamwo mugihe bigurishijwe, ayo nayo akaba angana na miliyaridi mirongo itandatu na zitanu imiliyoni amajana umunani na mirongo itatu na zine ibihumbi amajana abiri na mirongo itanu n'indwi n'amajana atatu na mirongo ibiri z'amahera y'amarundi (65 834 257 320 Fbu). Isubirizwa ryavyo ryoba ku kiringo c'imyaka cumi n'ibiri(12), rikaba ryotwara uburyo bugera ku miliyaridi umwe ibihumbi amajana atatu na mirongo itandatu na zitanu n'ibihumbi amajana atanu vy'amahera y'amarundi (1 363 500 000).

Inama nshikiranganji imaze kwihweza urwo rwandiko, **yashikirije** ibi bikurikira:

- Birakenewe ko ibiti bishaje biriko birononekara bivyazwa umwimbu;

- Ingingo mperekeza z'icibwa ry'ivyo biti zitegerezwa gufatwa, mu ntumbero yo gukinga ingaruka zaryo nk'inkukura, imyuzurira y'amazi mu myonga, uruzuba, n'ibindi;
- Hoshirwaho umugwi wokwiga neza ico kibazo c'ibiti bishaje vyose biri mu gihugu, haba mu bijanye n'ingene ivyo biti vyovyazwa umwimbu kugirango ubutunzi bw'igihugu bugira ico buhakuye, be n'ingene ibidukikije bitohahungabanira. Icegeranyo c'uwo mugwi kizohaza gitange umuco ku ngingo yofatwa no ku biti vya Reta biri no mu zindi ntara.

Umushikiranganji ajejwe ibidukikije n'uwujewe ikigega ca Reta basabwe gushiraho uwo mugwi w'abahinga.

8. Urwandiko rujanye n'ishirwa mu ngiro ry'ivyapfunditswe n'inama nshikiranganj yo ku wa 05 Ndamukiza 2023 kw'iyubakwa ry'urugomero rw'umuyagankuba rwa KABU 16 (20 MW), rwashikirijwe n'umushikiranganji w'amazi, amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka.

Kw'igenekerezo rya 05 Ndamukiza 2023, inama nshikiranganji yarihweje urwandiko rwerekana ingene ibikorwa vyo kwubaka urugomero rw'umuyagankuba KABU 16 (20 MW) biriko biragenda. Ico gihe, ikaba yapfunditse ibi bikurikira:

- Gusaba Exim Bank yo mu Buhindi yatanze uburyo ikiringo ciyongera ku cari gitegekanijwe mu bijanye n'irihwa ry'ideni;
- Gusaba Exim Bank yo mu Buhindi uburyo bwo guheraheza ibikorwa bisigaye no gutanga amahera y'ideni rya mbere iyo Banki yabangiriye gutanga;
- Kurondera ishirahamwe ribishoboye ryocungera ibikorwa kugirango ryihweze neza ko ivyo ishirahamwe Angelique International Limited ririko rirubaka urwo rugomero risaba, bifise ishingiro;
- Kugirango uburyo bwoba bukenewe ku bikorwa bisigaye bugabanuke, ibikorwa bijanye no gusiga kaburimbo mw'ibarabara rishika kuri urwo rugomero vyoba birabangira;
- Guca mu nzira zose zishoboka kugirango ibikoresho vyaguzwe mu gihugu c'Ubuhandi bishike ngaha mu gihugu ;
- Gukora ibishoboka vyose kugirango urwo rugomero ruhere kwubakwa vuba.

Haciye hashirwaho umugwi wokwihweza neza ko ibisabwa n'ishirahamwe Angelique International ririko ryubaka urwo rugomero bifise ishingiro, no kuraba ibimaze gukorwa. Uwo mugwi umaze kwicarana n'abaserukira iryo shirahamwe, bagaca hirya ni hino ivyakozwe be n'ibisigaye, bashitse ku rugero rw'amahera angana na miliyoni cumi na zitanu (15) z'amadorari y'abanyamerika akenewe ku bikorwa vyiyongeyeko, no gukora ibarabara rishika kuri urwo rugomero. Twomenyeshako iryo shirahamwe ryabaye rirahagarika ibikorwa.

Kugirango urwo rugomero rutangure gukora, uru rwandiko rushikiriza ivyokorwa vyihuta bikurikira:

- Kubera ko habaye isubirwamwo rya mbere ry'amasezerano ryo kwongera amadolari y'abanyamerika arenga gato miliyoni icenda n'ibihumbi amajana atanu na mirongo indwi na zine n'amajana indwi na mirongo icenda na rimwe n'uduce mirongo umunani na dutandatu (9 574 791,86 USD) ku masezerano ya mbere, izi miliyoni cumi na zitanu (15) nazo ziyongereyeko zigaca zituma ibice mirongo ibiri kw'ijana (20%) vyemewe n'igitabu c'amategeko agenga amasoko ya Reta kugirango amasezerano asubirwemwo bica birenga, inama nshikiranganji isabwa gutanga uruhusha rwo guhindura ayo masezerano mu ngingo ijanye n'urugero rw'igiciro ntasubirwamwo no kwongera izo miliyoni cumi na zitanu z'amadolari y'abanyamerika kuri uwo mugambi wo kwubaka urugomero rw'umuyagankuba KABU 16 kugirango ibikorwa bihere.
- Ibanki Nkuru y'Igihugu yoriha amahera arenga gato miliyoni zine ibihumbi ijana na bibiri n'ijana na mirongo icenda n'icenda n'uduce cumi na tubiri (4 102 199.12 USD) z'amadolari y'abanyamerika ifitiye EXIM Bank yo mu Buhindi kugirango ishira hamwe Angeline International naryo ririhwe, gurtyo risubire ku bikorwa.
- Reta y'Uburundi yoganira na Exim Bank yo mu Buhindi, izo miliyoni cumi na zitanu z'amadolari y'abanyamerika ikazihabwa nk'ideni.

Inama nshikiranganji **yaremeye** ivyo urwandiko rwasavye kugirango urwo rugomero ruhere kwubukwa rwongere rutangure gukora.

9. Utuntu n'utundi

- Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu yaravuze ibijanye n'ingene ibintu vyifashe mu gihugu. Yaramenyeshye ko ata cuka kibi kiri mu gihugu, kiretese ko hari akagwi k'abantu bari bigaruriye ubutunzi bw'igihugu, aho baboneye ko Reta iriko irafata ibintu mu minwe batangura gukwiragiza ibihuha mu bantu, kubera babakuye amata mu kanwa. Abantu botekana kuko Reta ibikurikiranira hafi. Ni intambara mu vy'ubutunzi.

Yaravuze n'iyindi ntambara iri mu gisata c'ubutungane, aho bigaragara ko hari inyifato itokwihanganirwa yo mu bucamanza aho hari bamwe bamwe batubaha ababakurira. Ivyo bintu bitegerezwa guhagarara kandi ingingo ziriko zirafatwa.

Yaravuze n'ingene ibintu vyifashe muri Afrika y'Uburengerero, cane cane mu gihugu ca Niger, aca aramenyeshye n'ibiriko birakorwa mu ntumbero yo gutora umuti w'ibibazo bihari.

- Nyakwubahwa Icegera c'Umukuru w'Igihugu yarashimye intambwe igezweko mw'ishirwa mu ngiro ry'itunganywa rishasha ry'imishahara y'abakozi ba Reta. Yasavye ko uburyo bushasha bwo gutunganya imishahara bwokoresha no mu bisata vyose bironswa na Reta uburyo bwo gukora.

Yasavye kandi ko amadosiye y'abakozi ba Reta bakukuruka yonyaruka gukorwa, kugirango baronke induhuro yabo yo muzabukuru, cane cane ingana n'umushahara bari bagezako, nk'uko ryavumerewe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, haraheze imyaka igera nko kuri itatu.

Bigiriwe i Gitega, igenekerezo rya 10 Myadagaro 2023

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba n'Umuvugizi

Prosper NTAHORWAMIYE